

SS.7.C.1.8

Eksplike opinyon Federalis yo ak Anti-Federalis yo konsènan ratifikasyon
Konstitisyon an ak enklizyon nan yon deklarasyon dwa.

SS.7.C.1.8 Klarifikasiyon sou Nosyon Fondamantal 1: Elèv yo ap idantifye opinyon Federalis yo ak Anti-Federalis yo sou ratifikasiyon Konstitisyon Etazini an.

Federalis yo, ki pataje lide yo nan **Papye Federalis yo**, te vle ke eta yo **ratifye** Konstitisyon an jan sa te ekri an 1787. Sa a tap kreye yon sistèm gouvènman federal nan Etazini kote gouvènman santral la tap pataje pouvwa a avèk eta yo. Federalis yo te kwè ke gouvènman an te ranje fason sa a anba nouvo Konstitisyon an tap pwoteje dwa pèp la nan fason sa yo:

- Gwo lide Konstitisyonèl tankou separasyon pouvwa e sistèm kontwòl ak balans te pwoteje pèp la paske pa gen branch nan gouvènman an kitap kap vin twò pwisan.
- Paske yo pa mete nan lis la (enimere) dwa espesifik nan Konstitisyon an, pèp la te pwoteje pi byen, pase si yo enimere dwa yo. Li tap enposib pou panse a tout nan dwa yo nan kote sitwayen merite. Yon lis dwa espesifik ta ka vle di gouvènman an te kapab vyole nenpòt dwa ki pa nan lis yo.
- Federalis te panse ke Konstitisyon an ta pi byen ini peyi a ak ta mennen a kwasans pou plis biznis ak komès. Yo kwè ke **Atik Konfederasyon an** te echwe pou fè bagay sa yo.

Anti-Federalis yo, ki te ekri **Papye Anti-Federalis yo**, te kont ratifikasiyon Konstitisyon an. Yo te vle fè sèlman ti kras chanjman nan gouvènman an kòm sa teye anba Atik Konfederasyon yo. Yo te pè pou ke Konstitisyon an te kreye yon gouvènman nasyonal ki te twò pwisan. Yo kwè ke Konstitisyon an pa ta dwe ratifye paske:

- Yo tap wete twòp pouvwa nan men eta yo.
- Konstitisyon an te bezwen yon lis espesifik dwa yo pou pwoteje pèp la kont pouvwa gouvènman nasyonal la.
- Gouvènman nasyonal la tap gen pèmisyon pou l resève yon lame nan tan ke poze.
- Kloz "**ki nesesè yo ak awopriye**", yo rekonèt yo tou kòm "**kloz elastik**," Konstitisyon an ta bay Kongrè a twòp pouvwa.
- Branch egzekitif la (prezidan an ak moun ki te travay avèk li) ta dwe twò pwisan.
- Sistèm nan gouvènman (federalis) la dekri nan Konstitisyon an te nouvo eli pat anko tèste. Pat anko gen gouvènman lòt kote nan mond lan ki te eseye yon bagay egzakteman ak nouvo sistèm sa a.
- Fason ke Konstitisyon an ta dwe ratifye te totalman diferan de Atik Konfederasyon yo. Atik yo mande ke tout 13 eta yo ratifye nenpòt amannman men ratifikasiyon nan Konstitisyon an mande pou ke sèlman 9 nan 13 eta yo ratifye pou ke nouvo gouvènman an pran efè.
- Peyi Etazini te twò gwo pou ke yon gouvènman santral jere l.

Anti-Federalis – yon gwoup moun nan tan lontan Etazini yo ki te opoze ratifikasiyon Konstitisyon Etazini an paske yo te pè yon gouvènman nasyonal ki twò pwisan ak yon mank pou pwoteksyon dwa endividiyèl

Atik Konfederasyon an – premye konstitisyon nan peyi Etazini

Federalis – yon gwoup moun nan tan lontan Etazini ki te favorize yo etablisman gouvènman nasyonal ki gen fòs e ki te travay pou ratifikasiyon Konstitisyon Etazini an

Kloz ki nesesè e ki awopriye – pouvwa Kongrè a pou fè lwa yo jan yo wè sa nesesè e ki bon pou egzekite pouvwa enimere yo; ke yo rele tou kloz elastic

Papye Anti-Federalis – yon seri de disètasyon ekri pou opoze ak defèt sa ki te propoze nan Konstitisyon Etazini an

Papye Federalis – yon seri de disètasyon ekri pou eksplike ak defann sa ki te propoze nan Konstitisyon Etazini an

ratifye – eksprime konsantman pou confime; fòmèlman apwouve